



Pou Piblikasyon Imedya: 28/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE TWAZYÈM FAZ PRIM SIBVANSYON POU BOWO DEVLOPMAN MENDÈV ESTRATEJIK LA KI TOTALIZE PRÈSKE 11 MILYON DOLA

Disèt pwojè atravè eta a pral pwofite prèske 7 milyon dola nan finansman piblik/prive, sipòte prèske 2,500 estajyè pou plis pase 100 patnè biznis

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Biwo Devlopman Mendèw Estratejik (Office of Strategic Workforce Development) Eta New York la te resevwa prèske 11 milyon dola sibvansyon pou disèt pwojè atravè eta a atravè twazyèm faz Pwogram Sibvansyon Kapital ak Peye pou Pèfòmans lan. Sibvansyon sa yo pral sipòte fòmasyon prèske 2,500 travayè atravè kolaborasyon ant founisè fòmasyon ak plis pase 100 patnè anplwayè nan domèn tankou IT, enèji renouvlab, manifakti avanse, wo debi ak konstriksyon. Biwo a, ki fonksyone anba Empire State Development, gen responsablite pou sipòte pwogram ak pratik devlopman mendèw pou asire Nouyòkè yo pare pou satisfè bezwen ak priyorite anplwayè yo.

"New York pran angajman pou l devlope yon mendèw solid ak divèsifye, epi investi nan travayè nou yo se investisman ki pi enpòtan nou kapab fè. **Gouvènè Hochul te deklare.** Nouvo seri sibvansyon estratejik pou devlopman mendèw sa a pral ede Nouyòkè yo akteri konpetans yo bezwen pou yo reyisi nan ekonomi jodi a, pandan y ap sipòte pwogram fòmasyon ki gen gwo konpetans ki baze sou anplwayè yo ki pral ede Nouyòkè yo pwospere nan travay alavni yo."

Twazyèm faz prim sa a ki soti nan Biwo Devlopman Mendèw Estratejik la pote envèstisman total soti nan twa premye faz yo a plis pase 24 milyon dola ki pral ogmante plis pase 17 milyon dola nan finansman piblik ak prive epi sipòte plis pase 9,000 estatjyè pou plis pase 300 patnè biznis.

Sibvansyon yo akòde bay disèt pwojè jodi a yo pral sipòte pwogram fòmasyon mendèw ki gen gwo konpetans ki baze sou anplwayè yo epi ki rekonpanse apwòch inovan ak pi bon pratik ki diminye baryè pou patisipasyon kominote ki gen gwo bezwen yo. Pwogram Sibvansyon Kapital pou Devlopman Mendèw ki koute 35 milyon dola pral sipòte bezwen kapital founisè fòmasyon mendèw k ap chèche amelyore oswa elaji òf yo. Pwogram Sibvansyon Peman pou Pèfòmans ki koute 115 milyon dola a gen de volè finansman: Sibvansyon Fonksyonman fleksib ki ede founisè yo kouvri depans pwogramasyon tankou devlopman kourikoulòm ak sèvis konplè pou prepare Nouyòkè yo ak konpetans

ki gen demand yo ak kalifikasyon endistri yo rekonèt yo; ak Prim pou Bati Kapasite, yon apwòch ki baze sou done ak mezi pou ogmante pwogram fòmasyon mendèv ki pwouve ki aktivman plase gradye yo nan bon travay. Lè yo sèvi ak prim ki baze sou akonplisman, founisè fòmasyon mendèv yo pral resevwa finansman pou elaji kapasite pwogram yo ki fè siksè ak to plasman ki wo ak sèvis konplè ki efikas.

Gwo pousantaj pwojè ki soti nan Lwès New York yo te kowòdone atravè "Western New York Manufacturing & Tech Workforce Coalition" (Kowalisyon Mendèv pou Manifakti & Teknoloji nan rejyon Lwès New York), ki te devlope yon estrateji kolaborasyon pou konstwi filyè talan ak fòmasyon nan Teknoloji ak Manifakti ki baze sou endistri, de sektè priyòrite ki konekte ansanm nan rejyon an. Pwojè sa yo te pwofite tou yon kontribisyon filantwopik ki soti nan Ralph C. Wilson, Jr. Foundation

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Se yon fòs travay ki byen kalifye epi ki byen prepare ki bati devlopman ekonomik ki reyisi. Envestisman tankou sa yo pral ranfòse Eta New York kòm yon pwodikte bon jan kalite travayè epi kòm yon sant pou pwogram fòmasyon mendèv ki adapte ak endistri a, sa ki garanti eta a kòm yon destinasyon pou anplwayè yo atravè mond lan."

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Devlopman mendèv se yon engredyan enpòtan nan resèt Gouvènè Hochul la pou ranfòse vitalite ekonomik Eta New York la. Lè nou bay bon jan fòmasyon ak edikasyon, n ap bay Nouyòkè yo konpetans yo bezwen pou yo ka pi byen sipòte tèt yo ak fanmi yo."

Benefisyè Twzyèm Faz yo:

Benefisyè Prim Fonksòynman Reminerasyon pou Pèfòmans (P4P) yo:

Central NY Works - Central NY - 1,000,000 dola: Pwogram Chemen Aprantisaj (Pathways for Apprenticeship) Syracuse Build CNY Works la pral elaji aksè, kapasite ak pwogramasyon li genyen kounye a pou l ka prepare rezidan Syracuse ki pi divèsifye pou karyè konstriksyon ki byen peye nan metye sendika konstriksyon yo epi pou rankontre demann lokal ogmante pou komèsan kalifye kòm rezilta pwojè a gran echèl yo, ki gen ladan megafaktori Micron an ak demenajman I-81 la. Patisipan yo touchr pou chak èdtan nan pwogram nan, epi yo gradye nan aprantisaj sendika ki anrejistre nan NYSDOL kote yo ka devlope karyè yo davantaj.

SUNY Jamestown Community College - Rejyon Lwès New York - 177 590 dola ak 860 100 dola: Jamestown Community College pral amelyore ak elaji pwogram Devlopman Mendèv pa yo ki egziste deja ak de pwojè: yon agrandisman pwogram Teknisyen Antretyen Endistriyèl ak Machinri ki egziste deja; ak devlopman jiska 14 nouvo chemen sètifika teknoloji ak fabrikasyon, ki dwe fèt ak patnè endistri lokal yo epi ofri yo nan twa kote atravè rejyon an. Pwogram nan pral bay stajye yo kalifikasyon ke

endistri yo rekonèt ak fòmasyon sou konpetans ki pa teknik, pou prepare gradye yo pou ranpli plis pase 1,000 djòb manifakti ki disponib lokalman.

Goodwill Industries of Western NY - Rejyon Lwès New York - 862 500

dola: Goodwill's Goodskills Career Builder se yon kanal karyè ki baze sou patnè k ap prepare moun ki gen koulè, moun k ap viv nan povrete oswa ki toupre, ak moun ki pa nan travay oswa ki pa travay ase pou plis fòmasyon ak opòtinite karyè nan teknoloji ak endistri manifakti. Devlope pou satisfè bezwen fòmasyon espesifik endistri yo, pwogram nan bay konpetans apwofondi preparasyon pou mendèv, sètifikasyon, devlopman karyè ak sipò apre plasman pou jiska twazan.

Andromeda Community Initiative - Vil New York - 844,330 dola: Pwogram Chemen Karyè nan Konstriksyon (Construction Careers Pathway) Inisyativ Kominote Andromeda (Andromeda Community Initiative) se yon pwogram fòmasyon pratik gratis pou prepare moun ki gen ti revni oswa ki pa gen revni pou karyè konstriksyon nan enèji jeneral ak enèji pwòp. Pwogram nan bay elèv ki gradye yo sètifikasyon ak kalifikasyon ki nesèsè yo pou yo travay sou sit konstriksyon Vil Nouyòk yo, ansanm ak preparasyon pou karyè ak resous devlopman ak ankourajman pou plasman ak kenbe travay yo. Chemen posib yo enkli restorasyon masonn ak konstriksyon enèji vèt ak efikasite enèji.

Trocaire College - Rejyon Lwès NY - 753,200 dola: Trocaire's Jump Start Plus se yon nouvo pwogram pou moun ki pa travay ak moun ki pa travay ase, ki konbine eksplorasyon karyè IT ak fòmasyon preparasyon pou travay ak enstriksyon teknik ak sètifika IT. Fòmasyon yo pral aksesib lajman ak kowòt yo ofri nan sit patnè yo atravè Buffalo ak Lackawanna epi li pral bay 200 èdtan fòmasyon sou konpetans teknik ak sètifika endistri a rekonèt, leson patikilye, fòmasyon karyè ak konsèy.

CaHill Resous - Rejyon Lwès NY (prensipal), NY Santral, Rejyon Kapital, and Long Island - 751 211 dola: AQuiRe Construction Academy CaHill la konbine yon platfòm fòmasyon dijital ak aprantisaj pratik, sa ki lakòz sètifika OSHA, fòmasyon nan travay, konsèy nan men ekspè endistri yo, ak kontinite devlopman pwofesyonèl pou de ane apre finisman. Pwogram nan pral espesyalman vize konpayi konstriksyon ki ap anplwaye moun yo pou satisfè bezwen pwojè enfrastrikti atravè eta yo. Agrandisman pwogram nan pou l enkli sèvis konplè, espesyalman mentorat, pral ede asire divès stajyè yo jwenn sipòte pandan y ap antre nan karyè konstriksyon.

BCAT: Sant Buffalo pou Atizay ak Teknoloji (Buffalo Center for Arts and Technology, BCAT) - Rejyon Lwès NY - 750,000 dola: BCAT pral bay fòmasyon teknoloji gratis ak kou NYSED apwouve pou moun ki majinalize yo nan Buffalo. Chemen yo gen ladan Baz IT, Teknisyen Sèvis Asistans IT, ak Sekirite IT, tout sa yo kalifikasyon endistri a rekonèt. Elèv yo pral resevwa yon bous pandan fòmasyon epi yo pral gen aksè ak konsèy sou sante mantal ak karyè, leson patikilye, ak manje nourisan pou ogmante retansyon ak finisman.

Sant pou Devlopman Mendèv Monroe-2 BOCES - Finger Lakes - 700,000 dola: Pwojè Ekspansyon Karyè Elektrik la nan Monroe-2 BOCES pral tabli twa pwogram

akoutèm men ki konplè: Prensip Fondamantal Elektrik pou Metye Konstriksyon, Endistrisite Endistriyèl ak Mekanik, ak Operatè Endistriyèl. Devlope an patenarya ak moun ki gen enterè lokal yo, fòmasyon an pral prezante ansèyman pratik, pratik sou sistèm aprantisaj estasyon travay pòtab, ak sètifika endistri a rekonèt, ansanm ak konpetans karyè ak plasman nan travay.

St. Nicks Alliance - Vil New York - 700.000 dola: St. Nicks Alliance's, an patenarya ak Asanble Jeneral la, pral elaji pwogram fòmasyon ki egziste deja ki baze sou anplwayè yo, ki gen kalifikasyon yo pou ofri Fòmasyon Teknik ak Analiz Done (Data Analytics Tech Training) pou moun ki abite nan Brooklyn ki pa travay ak ki pa gen travay ase yo. Pwogram nan gen ladan fòmasyon kalifikasyon, antrenè karyè ak plasman nan travay, ansanm ak asistans nan men Antrenè Transfòmatif yo ki asire patisipan yo resevwa sèvis sipò ki nesèsè yo pou yo patisipe totalman nan fòmasyon, jwenn travay, epi reyalize oto-sifisans ekonomik.

CanCode Communities - Rejyon Kapital ak Nan tout Eta a - 678 027 dola: CanCode Communities ofri fòmasyon IT akoutèm, ki baze sou konpetans ak yon misyon pou kreye yon filyè talan teknoloji ki pi enklizif, ak divès atravè eta a. Kourikoulòm pwogram lan devlope an kolaborasyon ak anplwayè IT yo pou bay ladrès ki pi enpòtan ak ki pi nesèsè pou karyè IT nan plizyè sektè endistri. Pwopozisyon kwasans ekip Sèvis Estajyè yo a pral kreye yon kapasite ogmante pou rekrite estajye yo, bay sipò, epi swiv siksè pwogram yo pandan y ap kontinye devlope ak elaji òf kou yo.

Akademi Matematik, Enjenyeri, ak Syans (Math, Engineering, and Science Academy, MESA) Charter High School - Vil New York- 667,790 dola: Laboratwa Alumni MESA Charter High School la pral devlope yon pwogram fòmasyon 15 semèn nan maketing dijital pou ekipe patisipan yo ak ladrès teknik difisil yo ak ladrès pwofesyonèl ki nesèsè pou kòmanse karyè siksè nan devlopman entènèt, konsepsyon grafik, analiz done maketin, ak maketin kwasans teknik. Pwogram nan pral itilize relasyon ki deja egziste ak elèv ak fanmi yo pou rekrite nan ansyen elèv nan pwogram lekòl segondè MESA yo ki pa lekòl epi ki pa travay, bay yo sipò ki nesèsè pou kontinye edikasyon yo epi kòmanse karyè.

Youth Action Programs and Homes Inc. - Vil New York - 250,000 dola: Nouvo pwogram Mendèv Dijital pou yon Nouvèl Jenerasyon (Next Gen Digital Workforce) Youth Action lan se fòmasyon ki baze sou endistri k ap prepare jèn ki gen revni fèb pou karyè ki gen anpil demann nan jesyon rezo ak enstalasyon fib. Pwogram nan gen ladan 165 èdtan fòmasyon, eksperyans pratik, ak kalifikasyon endistri rekonèt, ansanm ak fòmasyon preparasyon pou mendèv ak plasman travay ak patnè endistri yo. Pwogram gratis la ouvri pou moun ki gen revni fèb ki gen laj 18-30 epi li sipòte achèyman atravè alokasyon pou prezans ak achèyman.

Benefisyè Prim Sibvansyon Kapital pou Devlopman Mendèv yo:

Wayne Finger Lakes BOCES - Rejyon Finger Lakes - 1,076,000 dola: Wayne Finger Lakes BOCES pral renove yon estrikti ki egziste deja nan Wayne Technical and Career

Center pou ogmante espas fòmasyon ak kapasite pou pwogram metye chapant ak elektrisite. Patenarya pwogram nan ak Habitat for Humanity pral bay elèv yo plis aksè ak eksperyans imèsif ak fòmasyon pratik pandan y ap sèvi kominote a an jeneral.

SUNY Jamestown Community College - Rejyon Lwès New York - 362 500 dola ak 168 950 dola: Jamestown Community College pral amelyore ak elaji pwogram Devlopman Mendèv pa yo ki egziste deja ak de pwojè: yon agrandisman pwogram Teknisyen Antretyen Endistriyèl ak Machinri ki egziste deja; ak devlopman jiska 14 nouvo chemen sètifika teknoloji ak fabrikasyon, ki dwe fèt ak patnè endistri lokal yo epi ofri yo nan twa kote atravè rejyon an. Pwogram nan pral bay stajyè yo kalifikasyon ke endistri yo rekonèt ak fòmasyon sou ladrès, pou prepare gradye yo pou ranpli plis pase 1,000 djòb manifakti ki disponib lokalman. De pwojè kapital sa yo pral bay ekipman ki nesèsè pou de pwojè Sibvansyon pou Fonsyònman.

CUNY LaGuardia Community College - Vil New York - 350,000 dola: LaGuardia Community College pral konvèti laboratwa sou kanpis la ki pa itilize ase a an nouvo laboratwa elektrik, plonbri, ak HVAC, ki te deja loje nan espas yo lwe andeyò kanpis la; epi li pral enstale yon Tou Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot k ap Fonksyone an Wotè nan kanpis la. Deplase espas laboratwa sa yo sou kanpis la pral ogmante aksè stajyè yo ak sèvis sipò epi pèmèt kapasite fòmasyon double ak opsyon orè ki pi pratik.

Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "Atravè eta a, pwofesyonèl manifakti avanse yo gen gwo demann nan yon pakèt endistri soti nan seramik rive nan semi-kondiktè. Gras a angajman kontinyèl Gouvènè Kathy Hochul ak devouman finansman anvè devlopman mendèv, kanpis SUNY nou yo ap satisfè bezwen anplwayè rejyonal yo. Nou rekonesan pou envestisman twazyèm faz la nan Jamestown Community College, ki pral elaji pwogram antretyen endistriyèl ak machin li yo pou prepare elèv yo ki gen ladan etidyan adilt yo pou karyè ki pote siksè."

Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare, "Sipò anplis sa a pou pwogram devlopman mendèv nan LaGuardia Community College pral ede prepare elèv yo pou travay nan domèn k ap grandi epi ki gen demann, epi nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Biwo Devlopman Mendèv Estratejik Eta New York la pou sipò yo. Nan CUNY, n ap travay pou konstwi filyè solid kote elèv yo resevwa fòmasyon epi konekte ak anplwayè yo. Se atravè kalite patenarya kreyatif sa yo ke nou ranpli misyon nou depi lontan pou ogmante mobilite sosyal ak ekonomik pou Nouyòkè yo ak fanmi yo."

Manm Asanble, Harry Bronson, te deklare, "Ranfòse mendèv nou an se kle pou ranfòse ekonomi nou an. Nou pa ka investi nan konpayi san investi tou nan anplwaye kalifye. Antanke Prezidan Komite Devlopman Ekonomik Asanble a, mwen fyè pou m travay avèk Gouvènè Hochul ak Biwo Devlopman Mendèv Estratejik la pou pote plis ekite ak opòtinite pou mendèv nou yo ak ekonomi rejyonal yo. 11 milyon dola nan sibvansyon yo pral fè plis pase jis bati sektè travay nou yo, li pral re-investi nan kominote nou yo ak katye yo."

Manm Asanble Latoya Joyner te deklare, "Sipòte pwogram devlopman mendèv ki bati karyè, sibvansyon yo te anonse jodi a envesti nan amelyore konpetans ak ranfòse aksè nan travay ki byen peye pou fanmi New York yo. Avèk yon konsantrasyon sou Nouyòkè ki p ap travay ak sila yo ki pa travay ase, anpil nan pwogram sa yo konsantre tou sou bay jèn adilt yo aksè ak konpetans yo bezwen pou yo reyisi nan yon mache travay konpetitif."

Manm Asanble Al Stirpe te deklare, "Twazyèm faz sibvansyon Kapital pou Devlopman Mendèv ak Peman pou Pèfòmans lan se yon investisman ki byen akeyi pou rejyon nou an. Bay aksè ak fòmasyon ak resous mendèv ki gen gwo konpetans ki nesèsè pou ede etabli New York kòm yon mendèv ak ekonomi k ap mennen na nasyon an. Sibvansyon sa a pral pèmèt nou double kantite moun k ap fòme atravè sistèm nan pou ede ranpli bezwen pwojè I81 ki deja kòmanse ak pwojè Micron an ki pral kòmanse ane pwochèn. Mwen aplodi pwòp CNY Works nou an ak tout lòt moun ki resevwa sibvansyon Biwo pou Devlopman Mendèv Estratejik la paske yo bay fòmasyon devlopman enpòtan nan tout sektè endistri yo epi mwen pa ka tann pou nou travay ansanm pou konstwi patenarya pwogram devlopman piblik ak prive nou yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)